



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON DIREKTÈ KOMINIKASYON DANI LEVER SOU PWOJÈ LWA ESIMILASYON SENA A

"Gouvènè a te sijere jodi a ke pwojè lwa Sena a 'terib' pou Eta New York. Men reyalite ki jistifye deklarasyon sa a.

Baze sou rapò inisyal yo, gouvènman Eta New York jwenn apwoksativman 3.1 milya dola. Kòm yon pousantaj bidjè Eta total nou an -- 1.9% -- se dezyèm montan ki pi ba nan nasyon an. Literalman 48 Eta genyen yon pousantaj pi wo nan finansman pase Eta New York. Pa egzanp, South Dakota jwenn 17.9%.

Li konsa malgre reyalite ke Eta New York ap sibi pi gwo depans yo kòm nou genyen pi wo kantite ka yo nan peyi a. Eta New York genyen 30 fwa plis kantite ka pase Texas 1,031. Manipilasyon politik grav la evidan. Pa egzanp, Wyoming, ki gen sèlman 40 ka COVID-19 konfime, ap jwenn 17.1 pousan nan bidjè yo a kòm yon peman nan men gouvènman federal la.

Pou agrave inikite sa a se reyalite ke Eta New York kontribye plis nan gouvènman federal la pase nenpòt lòt Eta nan nasyon an. Se jis yon lòt ka politik sou politik piblik avize".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)